

# REZIME EKZEKITIF

Sèjousi gen plis imigran yo fèmen nan sant detansyon pase kantite yo te konn fèmen anvan an, nan listwa Ameriken. Nan Ane Fiskal (FY) 2017 la, U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE) [Biwo ki jere Imigrasyon ak Ladwàn Ozetazini] fè konnen gen ototal 323,591 moun ke ICE te fèmen pou yo kòmanse yon nouvo sejou an detansyon, avèk yon popilasyon jounalye ki gen an mwayèn 38,106 moun nan tout sant detansyon l yo.<sup>1</sup> Nan Ane Fiskal 2018 la, kantite a te ogmante de 22.5 pousan, kidonk 396,448 moun ototal ke ICE te fèmen.<sup>2</sup> Pandan twa dènye ane ki sot pase yo, sant detansyon piblik ak prive ki fèmen akle yo nan California te loje plis pase 74,000 detni imigrasyon, ikonpri timoun, ki soti nan 150 peyi depase. Byenke popilasyon detni imigrasyon an se timoun, fanm ak gason ki ladann, pwofil ki pi tipik pou detni yo fèmen nan California yo se gason ki gen ant laj 25 ak 34 lane ki soti nan peyi Meksik, End, Gwatemala, Ondiras oswa Salvadò, epi an mwayèn ki pase 51 jou nan yon sant detansyon kèlkonk. Byenke pwofil sa a se pwofil ki pi komen an nan California, apre verifikasyon nou fè, nou konstate gen jèn imigran tou ki gen laj 13 lane ak pèsonaj ki gen laj 95 lane, ki soti nan peyi Armeni, Lachin, Lafrans, Almay, Gana, Ayiti, Irlann, Izrayèl, Itali, Japon, Nijerya, Risi, Espay, Afrik di Sid, Siri, Taylann ak Wayom Ini, epi dire sejou yo nan yon sèl etablisman te dire jiska 1,500 jou (plis pase 4 lane).

Gen twa fason prensipal detni imigrasyon nan California yo vin an detansyon anba ICE. Petèt yo te: (1) kenbe yo oswa yo pote tèt yo bay Customs and Border Protection (CBP) sou fwontyè a, (2) ICE te arete yo anndan peyi a apre yo fin pase yon tan Ozetazini avèk oswa san pèmasyon, oswa (3) ICE te fèmen yo lè yo te lage yo apre yo fin pase tan nan prizon lokal, leta oswa federal pou rezon kriminèl. Genyen nan moun sa yo ke yo kenbe an detansyon poutèt yo twouve yo riske sove oswa yo prezante yon danje pou kominote a. Gen zòt yo kenbe an detansyon poutèt yo pa gen mwayen pou peye lajan kosyon yo òdone yo peye a oswa paske yo pa kalifye, selon lalwa, pou peye yon kosyon antanke etranje ki fèk vini— sa gen ladan l tou moun k ap mande azil—oswa poutèt yo te kondane yo pou krim yo te komèt anvan sa. Rezilta final la sèke vin gen anpil imigran ki fèmen nan yon kote ki gen anpil restriksyon san yo pa jwenn anyen espesifik ki pwouve yo riske sove oswa ki pwouve ke yo prezante yon danje pou kominote a.

Gouvènman federal la plase an detansyon detni imigrasyon sivil yo nan etablisman piblik ak prive toupatou Ozetazini, e menm nan sant detansyon piblik ak prive ki fèmen akle nan California. Tandiske etablisman piblik ak prive yo kontwole aktivite operasyon yo fè toulejou, se gouvènman federal la ki deside kimoun kap an detansyon e nan ki sant detansyon yap mete moun nan. Lejislasyon California, atravè pwojè lwa AB 103, pase Pwokirè Jeneral la lòd pou l verifye etablisman sa yo kòm kwa pou

<sup>1</sup> U.S. Immigration and Customs Enforcement, Fiscal Year 2018 ICE Enforcement and Removal Operations Report p. 8 <<https://www.ice.gov/doclib/about/offices/ero/pdf/eroFY2018Report.pdf>> [apati 23 janvyè 2019]; U.S. Immigration and Customs Enforcement, Dept. of Homeland Security, Budget Overview Fiscal Year 2019 Congressional Justification, p. 5 <<https://www.dhs.gov/sites/default/files/publications/U.S.%20Immigration%20and%20Customs%20Enforcement.pdf>> [apati 23 janvyè 2019].

<sup>2</sup> Id.

I bay plis transparans sou kondisyon detansyon yo, ikonpri ki enpak kondisyon sa yo genyen sou pwosedi ofisyèl la, ak sikonstans ki antoure arestasyon an, ansanm ak transfè nan sant detansyon yo nan California. San verifikasyon sa yo, enfòmasyon ki disponib pou piblik la konsènan tretman detni imigrasyon yo nan California sipèfisyèl e enkonsistan.

Pou premye rapò sa a, lè yo te pwomilge pwojè lwa AB 103 a, Cal DOJ (Depatman Lajistis California) te fè plizyè vizit ki te dire yon jou nan toulè dis sant detansyon ki gen detni imigrasyon yo:<sup>3</sup>

1. **Adelanto ICE Processing Center (Adelanto)**, se yon etablisman prive e se GEO Group, Inc. ki administre l atravè yon kontra soutretans li genyen ak Vil Adelanto;
2. **Imperial Regional Detention Facility (Imperial)**, se yon etablisman prive e se Management Training Corporation ki administre l atravè yon kontra soutretans li genyen ak Vil Holtville;
3. **James A. Musick Facility (James Musick)**, se yon prizon ki nan konte a, e se Orange County Sheriff's Department ki administre li;
4. **Mesa Verde ICE Processing Facility (Mesa Verde)**, se yon etablisman prive e se GEO Group, Inc. ki administre l atravè yon kontra soutretans li genyen ak Vil McFarland (nan mwa desanm 2018, Vil la te fè konnen li gen entansyon rezilye kontra l genyen ak ICE, efektif nan mwa mas 2019);
5. **Otay Mesa Detention Center (Otay Mesa)**, se yon etablisman prive e se CoreCivic (li te rele anvan Corrections Corporation of America) ki administre l, li gen yon kontra dirèk ak gouvènman federal la;
6. **Rio Cosumnes Correctional Center (Rio Cosumnes)**, se yon prizon nan konte a, e se Sacramento County Sheriff's Department ki administre l (Konte a te rezilye kontra li gen ak ICE la nan mwa jen 2018);
7. **Theo Lacy Facility (Theo Lacy)**, se yon prizon ki nan konte a, e se Orange County Sheriff's Department ki administre li;
8. **West County Detention Facility (West County)**, se yon prizon ki nan konte a, e se Contra Costa County Office of the Sheriff ki administre li (Sheriff la te rezilye kontra li gen ak ICE la nan mwa jiyè 2018);
9. **Yolo County Juvenile Detention Facility (Yolo)**, se yon etablisman jivenil nan konte a, e se Yolo County Probation Department ki administre li; ak
10. **Yuba County Jail (Yuba)**, se yon prizon nan konte a, e se Yuba County Sheriff's Department ki administre li.

---

<sup>3</sup> Konfòmman ak Pwojè Lwa 29 Sena (SB 29) la, ke yo kodifye antanke Kòd Sivil, seksyon 1670.9, efektif 1ye Janvyè 2018, okenn vil, okenn konte, ni okenn òganis lokal ki aplike lalwa nan California pa ka "siyen yon kontra ak gouvènman federal la ni ak okenn òganis federal ni okenn konpayi prive, pou kenbe oswa detni nan yon sant detansyon ki fèmen akle, moun ki pa sitwayen ameriken pou rezon detansyon imigrasyon sivil." Antite gouvènmantral sa yo ki deja gen kontra pou yo kenbe detni imigrasyon sivil yo pa ka ogmante kantite maksimòm kabann yo pou plase an detansyon moun ki pa sitwayen ameriken pou detansyon imigrasyon sivil.

Rapò sa a konsantre l sou obsèvasyon jeneral ki baze sou vizit ki fèt pandan yon sèl jou yo nan toulè dis sant detansyon yo ak verifikasyon konplè ki te fèt nan twa etablisman piblik la jere: (1) Yolo, (2) Theo Lacy, ak (3) West County. Verifikasyon an te konfwonte kèk defi. Paregzanp okòmansman, etablisman prive yo te gen objeksyon sou vizit nou yo; gouvènman federal la, byenke l pat reyisi, te konteste validite AB 103 nan yon aksyon legal; fasilite daksè nan chak etablisman te varye selon nivo patisipasyon ICE pandan chak vizit ki dire yon jou a; epi nan West County, gen kèk anlwaye ki pat aksepte fè entèvyou epi ICE te transfere detni yo yon lòt kote anvan vizit ekip nou an.

Nan rapò sa a gen twa seksyon prensipal. Premye seksyon an bay enfòmasyon jeneral sou kijan e pouki imigran yo—kit yo rive nan yon pwen dantre, kit yo te abite Ozetazini depi dè dizèn dane—antre nan sistèm detansyon imigrasyon an; pwoteksyon konstitisyonèl ki limite ke yo ba yo pandan yo an detansyon; ak estanda anprizònman ki administre sant detansyon nan California yo. Dezyèm seksyon an, bay, an brèf, yon apèsi sou sèt sant detansyon, e sa gen ladan l, enfòmasyon demografik detni yo, kondisyon lojman yo ak pwoblèm kouran yo idantifye nan chak etablisman. Twazyèm seksyon an limenm bay enfòmasyon an detay sou sa nou dekouvri nan verifikasyon konplè ki te fè nan twa sant detansyon ki rete yo: (1) Yolo, yon sant detansyon nan konte a ki gen timoun imigran ki gen ant laj 13 ak 17 lane; (2) Theo Lacy, yon prizon nan konte a ki gen detni imigrasyon ki se gason adilt ak (3) West County, yon prizon ki nan konte a ki gen detni imigrasyon adilt ki se fanm ak gason, epi li gen yon atansyon patikilye sou akizasyon yo pote poutèt move tretman fanm ki se detni imigrasyon yo, an 2017. Enfòmasyon yo prezante nan chak verifikasyon konplè yo pa menm dapre aspè inik chak etablisman, dapre diferans administratif e dapre diferan popilasyon yo desèvi yo. Apade bay piblik la enfòmasyon sou kondisyon anprizònman detni imigrasyon ap konfwonte nan California, rapò verifikasyon konplè etablisman yo mete anfas sou bezwen inik yo ak pwoblèm timoun, fanm ak gason imigran ki nan etablisman sa yo ap konfwonte. Cal DOJ (Depatman Lajistis California) te kominike bay toulètwà etablisman li te verifeye yo, bagay enpòtan li te dekouvri yo epi etablisman yo gen dwa reponn dèke rapò a pibliye.

Selon verifikasyon nou an, yo remake ke eksperyans detni a varye drastikman anndan etablisman yo e yo varye ant etablisman yo tou. Sepandan pwoblèm kouran ki egziste pami plizyè etablisman se:

- **Restriksyon sou Libète:** Detni imigrasyon nan California, kit yo nan prizon oswa nan etablisman prive, pagen anpil libète ditou pou yo sikile jan yo vle. Gen sèten detni ki konn rete nan selil yo pandan 22 èdtan pa jou, tandiske zòt ki nan lojman estil dòtwa, gen plis posibilite pou yo sikile nan inite lojman kote yo ye a. Etablisman yo gen règ ki pèmèt yo fè fòs ak fouy, epi yo gen metòd disiplinè ki rijid, sa yo tou afekte libète detni yo; yo itilize règ sa yo pafwa pou mete restriksyon ki sevè, san nesosite, selon orijin detni yo ak rezon ki fè yo nan prizon, oswa pou enpoze yon sansasyon laperèz sou detni imigrasyon yo yon fason pou yo pa panse yo lib pou yo sikile jan yo vle.
- **Baryè Lengwistik:** Gen anpil moun ki fèmen nan prizon imigrasyon nan California ki pa pale Angle kòm lang prensipal yo. Byenke gen kèk dokiman ki bay enfòmasyon ak afich ki ekri nan

lang Angle ak Panyòl, epi anpil etablisman anboche anplwaye ki pale Panyòl, pa gen okenn etablisman ki gen anplwaye ki kapab kominike nan tout lòt lang detni imigrasyon yo pale. Poutèt pagen anplwaye ki bileng epi lefèt ke yo pa itilize okenn sèvis lengwistik kòm altènatif, sa vin limite kapasite anplwaye yo pou yo esplike detni yo règ etablisman an, epitou sa vin afekte kapasite detni yo pou yo konprann règ sa yo tou. Poutèt sa, anplwaye yo itilize metòd oswa tretman disiplinè ki sanble yo abitrè e abizan, epi l anpeche etablisman yo satisfè bezwen lejitim detni yo genyen. Epitou li vin konpwomèt konfidansyalite paske detni yo oblije konte sou lòt detni parèy yo pou kominike ak anplwaye yo.

- **Difikilte pou Jwenn Swen Medikal ak Swen Mantal:** Byenke swen medikal ak swen mantal varye de yon etablisman ak yon lòt, nou te remake te gen pwoblèm komen tankou pwoblèm aksè ak mank presizyon nan dosye medikal yo, enfimyè kap pratike andeyò domèn pratik legal yo, konsiltasyon medikal sipèfisyèl, swen medikal ki retade oswa ki pa adekwa, anplwaye ak sèvis pou swen sante mantal ki pa adekwa, siveyans kont suisid ak pratik izolman disiplinè yo (anprizònman solitè) ki pa sekirize.
- **Obstak pou Kontakte Fanmi ak Lòt Sistèm Sipò:** Li difisil pou detni yo rete an kontak ak fanmi e ak zanmi yo etan yo nan detansyon. Anpil nan sant detansyon nan California ki gen imigran ladan yo byen lwen sant vil yo, epi pagen anpil transpò piblik kote yo ye a. Nanpwen okenn nan prizon konte pou adilt yo ki pèmèt vizit kontak (san pagen yon vit ki separe vizitè a ak detni a) avèk fanmi ak zanmi. Etablisman yo gen yon orè pou fè kout telefòn kidonk detni yo limite nan apèl yo ka fè, kout telefòn yo koute chè anpil epi gen difikilte teknik tou.
- **Obstak Pou Repezantasyon Adekwa:** Yo pa bay moun ki nan pwosedi imigrasyon dwa pou yo gen yon avoka gratis. Detni yo gen anpil difikilte pou yo jwenn avoka oswa pou yo defann tèt yo kòm sadwa. Se pa tout etablisman nan California ki ofri pwogram oryantasyon legal regilyèman, epi lè detni yo resi kapab kontakte nimewo telefòn avoka ki bay sèvis li gratis (pwo-bono) ke etablisman yo refere a, anpil òganizasyon pa kapab pran ka nouvo kliyan. Metsouli, anpil etablisman pa fasilite pou detni yo fè kout telefòn legal ki konfidansyèl, kit detni yo gen avoka, kit yap chèche avoka oswa konsyè. Dokiman legal yo bay detni yo pa fasil pou jwenn, epi si yo pa ekri nan lang Angle oswa Panyòl, se pa fasil pou yo ekri nan lòt lang, epi yo ka demode tou.

Estanda detansyon federal yo vin anpire pwoblèm sa yo, paske yo te kreye estanda sa yo pou anprizònman kriminel. Estanda sa yo pa reyisi satisfè bezwen inik moun ki nan sant detansyon imigrasyon yo genyen, kòm paregzanp mank avoka gouvènman finansè, pwoblèm sante mantal inik, gwo obstak kiltirèl ak obstak lengwistik. Atravè rapò sa yo, Cal DOJ pral kontinye pote transparans sou pwoblèm detansyon imigrasyon an.